ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЫДОКІ

№238 (22.396) ● 2012 гъэм дыгъэгъаазэм (дэкабрым) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● АПК

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

Къалэнхэм поджэж

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Федоров Николай дыгъэгъаазэм и 10-м лэжьыгъэ ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балькъэрым къэкІуащ.

ХЬэщІэр япэ щыкІэ Шэджэм куейм кІуащ, псынщІэу зызыужь жыг хадэхэр щагъэкІ «Аламат» агрофирмэм и Іуэху зехьэкІэм зыхигъэгъуэзащ. КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Къаздэхьу Альберт** зэрыжиІэмкІэ, а Іэнатіэр республикэм и аграрнэ политикэм и унэтІыныгъэщІэхэм ящыщ. Нобэ крихьэлІэу апхуэдэ хадэхэр гектар миниті ым щІигъум щагъэтІысащ. Ильэс гъунэгъуэхэм а бжыгъэр гектар мини 10-м нагъэсыну я мурадщ. «Аламат» агрофирмэм и унафэщІхэм гектар 80-м нэблагъэ зыубыд я пхъэщхьэмыщхьэ хадэр федеральнэ министрым кърагъэплъыхьащ, дяпэкІэ я мурадхэр хуаІуэтащ.

КъыкІэлъыкІуэу, Федоров Николай «КъБР-м жэм гъэшыфІэхэр гъэхъун Іэнатіэм зэрызыщрагъэужьыну» республикэ программэ хэхам тету яухуа «Агро-Союз» Іэщ комплексым щыІащ. Абы пэхъун Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм зэкІэ итккым. Жэм гъэшыфІэу минитІым хуэщІа комплексыр ильэс иримыкъум яухуэри, зыхуей ІэмэпсымэхэмкІэ ирикъуу кІыІэрагъэпэщащ.

ИльэгъуаехэрэпэщІэм гуапэ щыхьащ икІи ар зи жэрдэмхэм фІыщІэ яхуищІащ. Апхуэдэу УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр «Налшык гъэш комбинат» ООО-м и лэжьакІуэхэми яхуеблэгъащ, я зэфІэкІым зыхигъэгъуэзащ, я Іэдакъэщ1экІхэр зыхуэдэм епльащ. Абы щыгъащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан.

Федоров Николай «Агро-Ком» ООО-м дыгъуасэ щаІущІащ республикэм и АПК-м и Іэнатіэхэм я унафэщІхэмрэ Іэщагъэлэхэмрэ. Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен** хьэщІ льапІэм фІыщІэ хуищІри, кІыхьигъэщащ мы зэхьэсм мыхьэнэшхуэ зэрилэр.

- Ди щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэм мыЕйуэ зыщеужь. Республикэм продукцэу кІыщалэжьым и процент 50-м нэблагъэ а Іэнатіэм хуоз. Ди Іэщыхьэуэхэр, гъавэгъэкІхэр программэ хъарзынэхэм тету мэлажьэ. Апхуэдэщ дыкІ зыщІ ІэщІвэщІэмрэ жэм гъэшыфІэхэмрэ къэгъэхъуным, технологие пэрытхэр я лъабжьэу мэкъумэш щІэным, псынщІэу зызыужь, ильэс куэдкІэ кІыщыпыкІэ жыг хадэхэр гъэкІным, хадэхэкІыу къраХьэлІэм хэгъэхъуэным хуэунэтІакэр. А псори мурад кІудейуэ щымыту, Іуэхукіэ догъэзащІэри, екъуІэнныгъэ кІыщэрыдэкІуэнум щэч кІыртетхъэркым, - кІигъэльэгъуащ республикэм и Іэтащхьэм. - Къэбэрдей-Балькъэрым и АПК-м мы гъэм бюджет мылькуу сом меларди 2,5-м нэблагъэ хуэхащ. Абы щыщу зы меларди мелуан 754-р федеральнэ, мелуан 746-р республикэ бюджетхэм кхахэкІащ. Ахэр ди дежкІэ щІэгъэкъуэнышхуэщ.

Абы и псальэхэм пэджэжу, Федоров Николай къыхигъэщащ республикэм щекІуэкІ зэхъуэкІныгъэфІэхэм и гуапэу зэрызыхигъэгъуэзар, а екъуІэнныгъэхэм мэкъумэшыщІэхэм я гуащІэ хьэлэл зэрыкъэлъым зэрыригушхуэр.

- Псори дыщыгъуаэщ гъавэ хьарзынэ, хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ бэв кІыщэрефькъэлІэм, ауэ ахэр зэрахьумэ, абыхэм зэрелэжь Іэмалхэр иджыри нэгъэсауэ къэгъэсэбэпа хъуркъым. Мис ахэр гъэзэкІуэжьным тегушхуауэ яужь фихьащи, фи екъуІэнныгъэщІэхэм дыщегъэгуфІ. Абы и щыхьэтщ нобэ ирихьэлІэу фхуэзэфІэкІахэр. Нэхъыбэж фи плъапІэщи, абыхэм фаэзрылъэІэсынум щэч хэлъкъым, - жиІащ министрым. - Кьалэныщхуэхэр кІыртпэщытщ. Нобэрей фи зэфІэкІхэр зэрэралым и адрей щІыпІэхэмри хэІущІыІу щытщІмэ, абы фІы кІыщэрыдэкІуэнур дощІэ.

Адрей къэпсэльаэхэми кІагъэльгъуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэш Іэнатіэм нужьрей ильэс-хэм зэпІэзэрыту зэрызэнучжьыр икІи абы и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІым мы зэман гъунэгъум нэхъри хэхъуэну зэрыщыгугъыр. А гугъэм льаБжьэ хуохьу иджыпей технологиеХэм тету республикэм щаухуэ теплицэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ хьумапІэхэр, Іэщ псэуальэхэр, яГьэтІыса жыг хадэхэр. Ахэр псори хэхъуэшхуэ къэзытыну Іэнатіэхэщ.

ЗэІущІэм и кІэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ зэращыІилащ 2020 гъэ пщІондэ зэрызэдзлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ.

Зэхьихьэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщ Іуэху **Чеченов Ануар, Хьэсанэ Руслан,** Іуэхур зэгъэщІылІа къулыкъущІэхэр.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Лъэпкъ политикэм ехьэлІа Іуэхухэм хоплъэ

Дыгъэгъаазэм и 7-м Урысей Федерацэм Щыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щекІуэкІащ УФ-м и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лЫкІуэхэм я етхуанэ Урысейпсо зэІущІэ. Абы щыхэплъащ къэрал лъэпкъ политикэмрэ Урысеймрэ и щІыналъэхэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ зыужьынигъэмрэ ехьэлІа Іуэхухэм. Ди республикэм кІыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхэныгъэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Къумахуэ Мухьэдин.

ЗэІУЩІЭМ кІрикІуахэм я гугъу щищІым, министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм кІыхьигъэщхьэхуэкІащ УФ-м и къэрал лъэпкъ политикэм и стратегиер зэман гъунэгъум кьэралым и Президентым кІыхьэрищтэнур. А документыр пхыгъэжІынымкІэ Іэмал нэхьыщхьэу щытынущ мы зэманым Щыналъэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм щагъэхьэзыр федеральнэ программэ хэхар. Абы ипкъ иткІэ щІыналъэхэми езыхэм я программэ хэхахэр кьащтэн хуейщ.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

● Къулыкъу

Кладько Игорь къагъэлъагъуэ

Налшык кьалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым и зи чэзу зэІущІэм Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр игъэзащІэну и пщэ щрагъпхащ Кладько Игорь.

Кладько Игорь Евгений и кІуэр 1962 гъэм Налшык кьалэм къыщалъхуащ. 1989 гъэм абы Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетыр къиухащ "Тхыдэ" Іэщ1агъэмкІэ. 2004 гъэм Москва дэт иджыверей гуманитар академием юриспруденциемкІэ и бакалавр цІэр кьыфІащащ.

2003 гъэм «Урысей псом цІыхухэр къыщыжэтхыкІыныжкІэ иІэ фІыщІэм пащІэ» медалыр, 2012 гъэм КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр кьратащ.

● Нобэ

ТекІуахэр ягъэлъапІэ

Нобэ сыхьэт 12-м КъБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхэныгъэхэмкІэ и министерствэм гуфІэгъуэ дауладжщ щрагъэкІуэкІ «2011 - 2012 гъэхэм КъБР-м коррупцэм щыпэщІэтынныр» республикэ программэ хэхам хиубыдэу прагъэкІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуахэр гъэлъапІэным теухуауэ.

ДИПЛОМХЭМРЭ саугъэтхэмрэ иратынущ «Коррупцэр кьыдэтегъэувыІэн» социальнэ рекламэм и проект нэхьыфІ зыщІахэм, апхуэдэу коррупцэм еБэныным хуэгъэза тхыгъэ нэхьыфІ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытезыгъэдзахэм.

ЗэІущІэр зэфІэкІа нэужь, абы хэтахэр зэрэмым дыхьэнурэ, зэпеуэм щытекІуахэм я эскизхэмкІэ ящІа футболкэхэр, буклетхэр, календархэр бзэкІхэм хуагуэщІынущ. Япэ увыпІэр зыбыда коллажыр Налшык и кум щыІэ баннерым тращІыхьынущ.

БАЖЭНЭ Былэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Дзыхь кьрагъэз

Щойгу Сергей Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэхьэныгъэм зыхъумэжьныгъэмкІэ я министрэм я советым и унафэмкІу хахащ. Апхуэдэ унафэ кьыщащІащ Москва щекІуэкІ зэІущІэшхуэм.

Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Къзахьстаным, Кьыргьызым, Таджикистаным, Узбекистаным, УФ-м, Украинэм зыхъумэжьныгъэмкІэ я министрэр, абыхэм я кьуэдзэхэр зыхэт зэІущІэм Іуэху 25-м щыхэплъэнущ.

«Щойгу Сергей Урысейм и политикэм ильэс куэд хьуауэ хэтщ, жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ кьулыкъуэм пэрытащ. ЩІэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъым, и зэфІэкІар зэрыныным дыщыхъуэщ икІи ди дзыхь идогъэ», - жиІащ Азербайджаным зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Абиев Сэфар, жэрдэмыр кьыщыхилъхьэм. Адрей кьэралхэм я ЛЫкІуэхэми ар даЕыгъащ.

ПІальэр аргуэру ягъэІэпхъуэ

Тхьэмахуэ зыбжанэ хьауэ Японием щытопсэльыхь Корее Ищхьэрэм ракетэ нутІыпщыну зэрызыгъэхьэзырым, Зыгъэгъаэрэри ар къеХуэхьикІэ хьуну щэч зэращІырц.

«Сокэ» космодромым телъэтыкІыну баллистическэ ракетэр щагуІыпщыну пІальэр щІэх-щІэхьуиз ягъэзэпхъуэ. Иджы жаІащ ар дыгъэгъаэзм и 29-м нэсыху ягъэльэтэфыну зэрыарар. Абы и щхьэусыгъуэр ракетэм и двигателлэм лажьэ зэраІэрщ.

Японием щынагъэуэншагъэмкІэ и кьаруэхэр сакьыу кІэльопль я гъунэгъу кьэралым щыІэ щытыкІэм.

- Дэ дымыгуэвэн хуэдэу, зэхьэуэКІыныгъэфІ хэтлъагъуэркъым мы Іуэхум икІи кьыхэрымыкІуэ щытыкІэм дыхуэхьэзырц, - жиІащ Японием зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Моримотэ Сатоси.

США-м и кьэрал департаментым и унафэщІ Нуланд Викторие дыгъуасэ зэрыжиІамкІэ, Корее Ищхьэрэм ракетэр игъэльатэмэ, ООН-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и Советым и резолюцэм зэребгъэкьуэнур. Апхуэдэ къэхъумэ, а кьэралым кьудыхэр трагъэхьэнущ.

«Бажэ Іуущцэм» зэхищІыхьахэр

Жыр телефонхэр зыми и щІэщыгъэжькъым - кІуэ пэтми нэхьыфІ, нэхь лъэщ кьожь, абыхэм ныпщІэу кьэбгъэсэбэп хьу Іэмэпсымэхэми кьахохьу.

Норвегием щыщ, ильэс 16 зи ныбжь Бьерк Андреас и iPhone телефонышІэм и лэжьэкІэр кьинщытэн мурад ищІащ. Абы щхьэкІэ кьигупсысри гъэщІэгъэун дыдэщ - и ныбжьэгъуэхэр и гъусэу кІуащ япэмыжьжьэ гъуей цІыкІум. Ар кьыщеуэкІэ, тхьэкІуэмэкІыхь кІий фІэкІа умышІэну, макъамэ трагъэуващ. Телефоныр льэс льагъуэм тральхъэри, езыхэм льэныкъуэ зрагъэзащ. Къэхъунум пэпльэу тІысыжа щІалэгъуалэр зыщымыгуГъыхъащ адэкІэ яльэгъуар - бажэ цІыкІу мэзым кьыхэжри, телефоным бгъэдэлъэдащ, дзыхьмыщІу кьыУжьжащ, етІуанэу бгъэдыхьащ, ар кьинпхуаГэри, щІэпхъуэжащ.

Сыт ямыщІами, бажэри телефонри кьахуэгъэуэтыжакъым ныбжьыщІэхэм - iPhone льапсейм апхуэдэ щІыкІэкІэ хэкІажщ «кхъэхутакІуэр». ГъэщІэгъэуэныракъэ, телефонышІэм кьикІ тхыгъэ мыгурЫуэгъуэхэр кьахуокІуэ Андреас и ныбжьэгъуэм - Іэмэпсымэ телъыджэм фІэгъэщІэгъэуну ириджегууэр хьэрфхэм тринЫтІэ кьыщІэкІынщ «бажэ Іуущцэм».

НОБЭ

u **Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**

u 1993 гъэм КъБР-м палатитІ кьу и Парламентыр хахащ.

u Юрист, КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **ГубэщІыкІ Владимир** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокьу.

u ТхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бахьуэ БетІал** къызэраГьхуэрэ ильэс 77-рэ ирокьу.

u Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКаУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбгъ** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокьу.

u Хими щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкьей Лерэ** къыщалъхуа махуэщ.

u УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист **Балькъыз Валерэ** и ныбжьыр ильэс 64-рэ ирокьу.

u КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шал Любовь** къыщалъхуа махуэщ.

u БодибилдингымкІэ дунейпсо чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Льакьуэдыгъу Рамзес** и ныбжьыр ильэс 36-рэ ирокьу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх машІэ кьыщещынхынущ. Хуабэр махуэм гуадуси 2 - 4, жэщым 2 - 3 щыхьунущ.

ПІлэнэр зыгъэхъэзырар ЖЬЭКЪЭМЫХЬУ Мариэт.

Лъэпкъ Іуущ1ъэ:

Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.

● Шэрэдж куей

Лъэмыжхэр зэрагъэпэщыж

Жэмтхьэлэ кьуажэм щежх ныбм тель лъэмыжым и бгъагьар метри 8, и кІыхьагьар метр 54-рэ мэхуу. Абы и лъныкъуитІри къэхухьащ, лъэсу цым зэпрыкІхэм я зекІуапІэхэр щынагъэнщэу щытыр папщІэ. Кьимыдэкіэ, лъэмыжым хуэзэ нсы Іуфэхэр нэхъри яГьэбыдащ, нсыдзэми пльэщым хуэдэу.

ЖЭМТХЬЭЛЭР псы ежэх инхэм хамыбжэ пэтми, и кІыуэгъуэм «дунейр екъуГэ» жьхуаІэхэм хуэдэщ - кІыжэхъуихынур зыми ищІэркъым. Араш кьуажэ унафэщІхэм сыт щыгъуи я нэІэ щІытетыр. Ильэс куэд хьауэ тель лъэмыжыр, утехьэм кьудейуэ щынагъэуэ, кхъахэ хьуат. Ауэ щыхьэкІэ, лъэсрызекІуэхэми транспортми абы кьыпакІухьыну Іэмал щыІэтэкъым.

Иджырей мардэхэм тету дэжьыгъэр кІэзыпхьэлІа «Шэрэдж ДРСУ» ООО-м мы Іуэхум тригъэкІуэдащ Къэбэрдей-Балькъэрым и гъуэгу фондым кьыхэкІыу сом меларди 3,2-м нэс.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Хъыбар гуапэ

Сэмэгумкіэ щытыр Елизаветэ ЕтІуанэрщ, абы кьыбгъэдэтыр Мосс Жаклинщ.

Инджылыз пащтыхьым адыгэ нысэр Іуощ1э

Урысейм и дыщкІ нэхъ цІэрЫуэхэм ящыщ Вознесенский Максим зи пашэ гуп Лондон щыІэу, Великобританием и пащтыхь гуащэ Елизаветэ II пригъэблагъащ.

А ЗэІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин и менеджер, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ, Художествэхэмкіэ Урысей академиехэм щІыхь зиІэу хэт Мосс Диан Жаклин. Урысейм икІахэмрэ инджылыз пащтыхь гуащэмрэ зэпсэльащ, Жаклин я тэрмэшу. Лондон и Симфоние оркестрым и концертым текІуэдэнур Вознесенский Максим и мылькум кьыхихащ икІи жиІащ пащтыхь гуащэр кьыщалъхуа махуэм и щІыкІэр ар тыгъэ зэрыхунщІыр.

Вознесенский Максим КІыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэр кьыщыгъуэзащ. КІыщ Мухьэдин и сурэтхэмрэ ахэр зытеухуам ехьэлІауэ Максим ищІ дыщэкІэхэмрэ Лондон, кІэлъыкІуэу кьэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэльэгъуэнущ. ЦІыхубэ ЦІэрЫуитІыр зэдэлжьэным епха Іуэхухэр Мосс Жаклинщ зэфІэзыгъэкІыр.

Лондон.

Ди къуэш республикэхэм

Курортхэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм зыгъэпсэхуакІуэ-зыплъыхьакІуэ кІуэну гукъыдэж зиІэхэм я дежкІэ щхьэпэ хъыбарегъащІэ центр КъШР-м къыщыгъэІуахынущ.***

КъШР-м и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ мы гъэм и щэкІуэгъуэм къызэрагъэпэща Туризмэмрэ курортхэмкІэ министерствэм мыгувэу зэтриублэну и мурадщ республикэм и зыгъэпсэхупІэ псоми ятеуха хьыбархэр щызэхуэхьэса сайт. Къэрэшей-Шэрджэсым зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм Іэмал ягъуэтынущ уасэхэми щыгъуаэз защІу ёзыхэм я дежкІэ къеІэзгъэкІ къыхахыну. Министерствэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ турист Іэнатіэхэм зегъэужьыныр, зыгъэпсэхуакІуэхэм хуащІэ Іуэхутхьабзэхэр егъэфІэкІуэныр, кьищынэмыщІауэ, туриндустрием публикиэ бюджетым хуищІ хэлъхьэныгъэм хэгъэхъуэныр.

Зэпыу имыІэу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм пэжьэн щыщІидзащ «Сабийм и дежкІэ шынагъуэщ» «телефон пщтырым». Сабийм лей къытехьэу къэзыпльэтэ дэтхэнэри «123» номерымкІэ псалъэ хьунущ.***

ЗИ ГУГЪУ тщІы кьулыкъуэр Адыгейм щыІэ Сабийтеннэ комитетым следствэмкІэ и управленэм къызэригъэпэщащ, балигъ мыхъуахэм кьащхьэщыжьын мурадкІэ. Кьызэрыхэдгъэщащи, цІыкІухэм ехьэлІауэ ялэжьа щІэпхьаджагъэм, унагъуэм гугъу щекъы сабийм ятеуха кьыбархэр жэщи махри «телефон пщтырымкІэ» хабзэхъумэхэм Іэрагъэхьэ хьунущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Учебнэ жылагъуэм дэт курыт еджапІэм щекІуэкІащ «Си лъахэу Къэбэрдей-Балькъэр» фІэщыгъэм щІэт районпсо зэхьэзэхуэ.

● Прохладнэ куей

Нэхъыфіхэр ягъэгушхуэ

САБИЙ творчествэмкІэ центрым илъэс етхуанэ хьуауэ иригъэкІуэкІ мы Іуэхугъуэр зытеухуар къыдэкІуэтей щІэблэр хэкуп1эу, щалъхуа щІыналъэр фІыуэ яльагъуу, дыкъэзыухъурэ ихь дунейм и къэхъуакъащІэхэм щыгъуазэрэ ар зэрахъумэным хущІэкъуу кэгъэтэгъэджыныр. Абы хэтащ районым и курыт еджапІэхэм я мызакъуэу, центрым и гъэсэныгъэ.

Зэпеуэм кьрихьэлІахэм ягъэлъэгъуащ я щІыпІэм, жылагъуэр зэрыгушхуэ щІыху пэрытхэм, лъэпкъ, унатІуэ щхьэхуэхэм кьащІэкІуэкІ тхыдэм, я кІуажэхэм, уэрамхэм я щІэхэр кьызытехьэкІахэм ятеуха кьэхуэтэныгъэ лэжьыгъэхэр. Зэхьэзэхуэр нэгъуэщІ унэтІыныгъэ зыбжанэкІи екІуэкІащ.

Кьызэхуэсахэр дихьэхыу щІэдзэІуащ «Шарданово» гъущІ гъуэгу станцым зи щІэр зэрихьэ ЩЭрдан Батырбэч теухуауэ ягъэхьэзыра хьыбар хьэлэмэтым.

Лэжьыгъэ нэхъыфІхэр республикэ зэпеуэхэм щагъэлъэгъуэнущ. ЗэкІэ зи щІэфІыкІэ кьраГуахэм щытхъу тхыльхэр ираташ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЗэрытхузэфіэкіКІэ дадэвгъэІэпыкъу

● Лэскэн куей

2012 гъэм дыгъэгъаазэм и 21-м, сыхьэт 12-м щІидзэу Лэскэн районым Щэнхабзэмкіэ и унэм псапащІэ марафон щекІуэкІынущ. Ар теухуащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм ядэІэпыкъуным.

Марафоным хиубыдэу езы сабийхэр зыхэт концерт программэ нэгуэзыжь ягъэлъэгъуэнущ.

ГущІэгъэ зыхэль, псапэ зыщІэну зыхузэфІэкІыну псори мы лэжьыгъэм фыкьыхыхьэну зыфхудогъаз. Хамэ сабий щыІэкьым, абыхэм зэрытхузэфІэкІкІэ дадэвгъэІэпыкъу.

«Урысей зэкъуэт» партым и Лэскэн район исполком.

Телефонхэр: 95-7-41, 95-3-07.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іуэльхьэ зэрыгъэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуха хьыбарэхэм фыщыгъуаэзмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щІэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и языныкъуэ комитетхэм хальхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым къыхэгъэкIын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэмрэкIи и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къуэщlысокъуэ Юрий Къадир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал хуэхэIэмкIэ и комитетым къыхэгъэкIын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Куэщет Азэмэт Джабрэилий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетыным, хабзэр хъумэным, жылагъуэ шынагъуэшагъэм я IуэхуэмкIи и комитетым къыхэгъэкIын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Шыбзыхъуэ Мухьэмэд Билал и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Карныш Сергей Александр и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛъжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

7. Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьалэнхэр щхьэщыхьэн икIи а комитетым къыхэгъэкIын.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIу Мэремыкьуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэр хэхьан.

9. Къуэщlысокъуэ Юрий Къадир и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу Къуэщlысокъуэ Юрий Къадир и къуэр хэхьан.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и унафэщIу Къуэщlысокъуэ Юрий Къадир и къуэр хэхьан.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу Войтов Алексей Иван и къуэр хэхьан.

12. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу Куэщет Азэмэт Джабрэилий и къуэр хэхьан.

13. Куэщет Азэмэт Джабрэилий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым хэту икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу зэпымыууэ Парламентым щылажьэу къэлъытэн.

14. Мы Унафэм къаруг егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м
№1326-П-П

Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

УФ-м, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я цIыхубз сурэтыщI Къат Теубзж.

● ЗэIущIэхэр

ЛъагапIэщIэхэр зи плъапIэ еджапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий иджыблагъэ яIущIащ КъБР-м и телерадиокомпаниеХэмрэ газетхэмрэ я журналистхэм. Абыхэм упщIэ куэд яIэт ди республикэм щыпсэухэр университетым ехьэлIауэ нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ.

КУЭД щыгъуазэщ Москва кьиКIа къэпщытакIуэхэр ди республикэм щыIэ еджапIэ нэхъыщIхьэхэм зэрыщыIэжьым. Мазэм нэбгырабгъэкIэ екIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кьыдэщIауэбыдащ университетым и лъэныкъуэ псори: егъэджэныгъэ программэхэм я щытыкIэр, ахэр зэрагъэзащIэ щыкIэр, библиотекэм и фондыр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къэзэрагъэлъэгъуамкIэ, КъБКъУ-м дагъуэ кьыхуащIакъым.

- Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм еджапIэ нэхъыщIхьэу 24-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 11-р мыхьэнэ зимыIэ еджапIэу кьаныташ, КъБКъУ-м щхьэкIэ дыщIэгузэвэн гуэри кьыхэкIакъым: къэпщытэныгъэхэр нэхъыбэу зэрекIуэкIа унэтIыныгъытхумкIи УФ-м кьыгъэлъэтыуа мардэм дыщхьэдэхащ, Ищхьэкъэ зи гугъу сшIа еджапIэ 11-м ятеухуауэ си Iуэху еплъыкIэр мыращ: ахэр зэхуэпщI хьунукъым, абыхэм я пщэ кьыдэхуэ кьаIэнхэр зыгъэзэщIэн Iуэхущапи ди щIалэрэгъуалэм нэгъуэщI щIыпIэ щагъэтынукъыми. А еджапIэхэм ядэпэкIыкъун хуейщ, «къэрал еджапIэ» цIэр яхуэфащэу зэрахьэн папщIэ.

Университетыр мыпкъуэр техникэкIэ кьыхэзгъэзэпэщам теухуа упщIэм и жэуапу ректорым жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур сыт щыгъуэ зэрымыIэр.

- Дэ дрогушхэ биологие кьудамэм и лабораторэхэм, иджырей техникэкIэ, Iэмэпсымэхэмкlэ кьыхэзгъэпэщахэм. Абыхэм щылажьэ щIэныгъэлIхэр хамэ къэралхэм кьыщащIыху, я кьэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ. Апхуэдэу химиер, физикэ хъуэмрэ хуэм щекIуэкI лэжьыгъэхэри. ЗыгъэцIэхъуа Iэмэпсымэхэм ди щIэныгъэлIхэм Iэмал къарет хамэ къэралхэм кьакIэрымыкуу кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэнIуэкIыну. Ильэс зыбжанэ я пэкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм кьыщыгъхьа екъуIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, еджапIэм и зыужьныгъэм хэпхьхэм папщIэ ильэсищым нэсауэ гъэ кьэс сом мелуани 100 кьыгIэрохьэ. Ар икъукIэ сэбэп кьытхуохьу, - жиIащ Къарэмырзэм.

Дыгъэрыпагэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ университетым и клиникэ хуэхэ зэрыщIэдздзар. Израилым, Германием, Ирландием, Тыркум я клиникэхэм зэгурыIуэныгъэ едгъэлIащ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ дыздэлэжьэну. Медицинэ унэтIыныгъэмкIэ КъБКъУ-м иригъэкIуэкI дунейпсо конференцэм мыхьэнэщхуэ яIэщ хамэ къэралщIыныгъэхэмрэ дыдейхэмрэ зэрыщыхуэнымкIэ, зэдзэлэжьынымкIэ.

Хамэ къэралэ зэпыщIэныгъэхэм я гугъу ректорым кьыщигъэхьеIэм, журналистхэр ельэуащ а лъэныкъуэм нэхъ кьууэ тепсэлъыхьыну. Абы теухуауэ КъБКъУ-м лэжьыгъэ гъэщIэгъэн зэрыщекIуэкIым щыхьэт техьуэ Iуэхугъуэхэр кьыригъэлъэтыжащ.

- Хамэ къэралэ кьиКIаеу ди дежь щекIэжэн я бжыгъэр процентн 2,2-рэ мэхьу, ар зэрыщыгъпхъэм нэхъыбэ щыкIэ нэхъыбэщ. ПэгъэуэщI унэтIыныгъэхэм я гугъу щылымэ, иужьрей зэманым жыдэжру дадолажьэ Европэм щыIэ еджапIэхэм. Апхуэдэу, Берлин щыIэ дэт университетым щыгъуэ ильэс ещанэ хъуэуэ идогъэкIуэкI «ЗэпэщIэуэныгъэхэмрэ зыужьыныгъэмрэ» къхэутэныгъэ проектыр. А лэжьыгъэм ипкъ иткIэ кьыхэзгъэпэщыну ди мурадщ «Конфликтологие» магистр программэр икIи абыкIэ едкэну жэрдэм зыщIахэм ящыщу цIыхунтI-цы нтъэс кьэс ди университетым щыгъэгъуэгурэ щеджэнущ. КьинэмыщIауэ, Швейцарием щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэм иджыблагъэ дыгуфIыкIыну я дипломтIуащIэ зратыну магистрхэр зэрагъэхъэзырыну программэ кьыхэзгъэпэщыну. Ар студентхэр икъукIэ зы щIыгу гуфIыкIыну я Iуэхугъуэщ, - кьыхигъэщащ Къарэмырзэм.

Хэти зэрищIэщи, бюджетым къарит ахъщэмкIэ КъБКъУ-м щеджэну щIэтыгъхьхэм нэмыщI, пщIэ щIату щедкэхэри мащIэкъым. Абы теухуауэ Къарэмырзэм кьигъэльэгъуащ бжыгъэ зыбжанэ. Университетым щIэс псоригъаIущэмэ, абыхэм ящыщу пщIэкIэ едкэр процент 15-17 нэхъ. Хамэ къэралэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу еджапIэм кьыщIэтIысыхьар 102-рэ мэхъу. Ар мащIэкъым, ауэ еджэну хуейхэм я бжыгъэр нэхъыбэщ.

Щ1эблэр тэмэму гъэсэным хуэгъэзэну университетым щекIуэкI Iуэхуэхэм щытепсэльыхьым, ректорым кьыхигъэщащ а лэжьыгъэр псом нэхъыр нэхъ нэрылъагъу зэрыщытыр:

- Зы махуи дэкIыу кьыщIэкIынкъым абы хуэгъэза зы Iуэхугъуэ гуэр ди деж щрамыгъэкIуэкIыу. Абыхэм езы студентхэр хэша мэхъу, гукIинэ ящохъу. Гупжьей, ансамбль зэмылIэужьыгъуэхэм ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI кьыщагъэльэгъуэну Iэмал яIэщ. КъБКъУ-м и махуэшхуэхэр щыдгъэльапIэм дэ дгъэпэжащ студент нэхъ жыджэру 179-ра.

Ректорым жэуап ятащ нэгъуэщI упщIэ куэдми. Абы кьыхигъэщащ апхуэдэ эзыщIэхэр нэхъыбэ хъуэ зэрынэхъыкIыр икIи кьызэхъуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм кьыщыдэкI газетхэм, телевидениэм КъБКъУ-м сыт щыгъуи гулъытэ хэха зэрыхуащIым папщIэ.

ЩОДЖЭН Iминат.

Щэнхабзэ Iэнатlэм лэжьакIуэ хурикъуркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьмахуэ муниципальнэ районым зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щыташ республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным щыль Iуэхугъуэхэм. ЗэIущIэр кьыхэригъэщащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комиссэм.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лIыкIуэхэр, Iуащхьмахуэ куейм, абы хьихь кьуажэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, щэнхабзэ Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэр.

Iуащхьмахуэ районым щэнхабзэмкIэ и управлением и унафэщI Толгуровэ Жанетэ зэрыжиIэмкIэ, щIэблэр гъэсэныгъэ Iэмальфlщ лъэпкъхэм кьыддекIуэкI Iэщlагъэхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ.

Абы щхьэкIэ Iэщlагъэлlи а Iэщlагъэлlхэр щылэжьэн Iэнатlи щыIэныр зэманым кьигъэуэ Iуэхугъуэщ, ауэ зэкIэ Iэхъа мыхъуауэ кьоКIуэкI. Ныбжь зиIэхэр Iуоки, щIалэгъуалэ кьахьыхьэркьым - аращ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр щIахуримыкъур.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и комиссэм хэтхэм зыщапlтьыхьащ Iуащхьмахуэ районым и щэнхабзэ Iуэхущапlэхэм. Абыхэм гузылъатахэр я лэжьыгъэм кьыщагъэльэгъуэжьынущ мы IуэхумкIэ щIэн хуейр щаубзыхукIэ.

ОЛЬМЕЗОВ Расул,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

● Профсоюзхэр

ЕгъэджакIуэхэм я пенсэхэм теухуауэ

Егъэджакlуэхэм я Налшык къалэ профсоюз комитетымрэ Егъэджэныгъэмкlэ къэрал департаментымрэ я жэрдэмкIэ кьыхэзгъэзэпэща зэIущIэр теухуат егъэджакIуэхэм я пенсэм.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ УФ-м и Пенсэ фондым и хъудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зыкъыхэзырыхуагъаз Iуэхуэхэм хэпльэныкIэ кьудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Умар Юлэрэ щыхуэхэм пенсэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зыгъэбелджылы зэрыщытакIуэ гупым я Iэщlагъэлlэ нэхъыщхьэ ЩIэдэн Хьэнифэрэ.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ егъэджакIуэхэм пенсэр зэрыхуагъэув щыкIэм, иужьрей зэманым абы теуху хабзэхэм щIэуэ хальхьамрэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ. Къыпщтэмэ, зытепсэльыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщщ ильэс 25-кIэ лэжьа егъэджакIуэхэм кърат пенсэм кьыпэкIуэ льготэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ. ЗэIущIэм хэта егъэджакIуэхэм я упщIэхэм жэуап гъэхуа фондым и Iэщlагъэлlхэм къратащ. Ахэр ежьэлlат егъэджакIуэхэр куроргъэхэмрэ путевкэкIэ ягъэкIуэн папщIэ кьэльытапхъэхэм, пенсэм кIуаеу лэжьыгъэм пызыщхэм къэралым къахуигъэув мардзхэр зыхуэдэм, нэгъуэщIхэми.

ЕгъэджакIуэхэм я Налшык къалэ комитетым и унафэщI Узлджир Татьянэ тепсэльыхьащ мыпхуэдэ зэIущIэхэм яIэ мыхьэнэмрэ кьыкIэлъыкIуэ зи чэзу зэхьэхьэм кьыщащIэтыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Фэеплъ

Лъэпкъ тхьдэм зи цIэр къыхэна щIэныгъэлI

Думэн Хьэсэн (1942-2011 гъэ.)

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым, щытащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхуэмкlэ и къэрал комитетым и пашэу, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъуу, нэгъуэщI кьулыкъуэхэри зэрихьащ. Сыт хуэдэ зэманри абы дальэгъуят цIыхугъэ лъагэрэ гъэсэныгъэ екIуэр, щIэныгъэ кууэр гупсысэ щэщIа-рэ.

Илъэс ирикъуащ а щIэныгъэлI щэджащэр кьыхэзгъэзэпэщытыжкъэ. Псэужкамэ, абы и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут. И лэжьэгъуу, ныбжьэгъуфIу щыта Думэн Хьэсэн теухуа гукъэкIыжхэмкIэ нобэ кьыддогуашэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, лъэпкъ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гъут Iэдэм.

ДУМЭН Хьэсэнрэ сэрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэскIэ дыдэзэрыцIыхуащ (1964 гъэ лъандэрэ). Дэ зэгъусэу университетым дыщызэдеджащ, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ и аспирантурэм ди щIэныгъэм щыхэдгъэхуащ, нужькIэ зы гуп дыхэту илъэс куэдкIэ дыдзэдзлэжащ. Махуэ къэс дыдзэхуэзэу, дыдзэуэршэрылIэу щытауэ жыхIэмэ, пцы соупс, сыту жыпIэмэ сэ щIэныгъэкъэхутэныгъэм дапщэщи сыхэту сыкьыкIэуэнкIа, Хьэсэн абы кьыдэжIуэ нэгъуэщI кьулыкъу лъагэ куэдми пэрытащ: ди Правительствэм хэтащ, республикэм и Суд Нэхъыщхьэм щыIащ, ди щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу лэжьащ, н.кь. Итlани дяку дэлъа псэ хуабагъэр, ныбжьэгъугъэ пэжыр зыми емыльытауэ быдэу щытащ, Iуэху епльыкIэхэр щыдэтемыльытауэ щытауэ жыхIэмэ, пцы соупс, сыту жыпIэмэ сэ щIэныгъэкъэхутэныгъэм дапщэщи сыхэту сыкьыкIэуэнкIа, Хьэсэн абы кьыдэжIуэ нэгъуэщI кьулыкъу лъагэ куэдми пэрытащ: ди Правительствэм хэтащ, республикэм и Суд Нэхъыщхьэм щыIащ, ди щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу лэжьащ, н.кь. Итlани дяку дэлъа псэ хуабагъэр, ныбжьэгъугъэ пэжыр зыми емыльытауэ быдэу щытащ, Iуэху епльыкIэхэр щыдэтемыльытауэ и мыхьэнэр лъэпкъым и дежкIэ апхуэдизу къыхэзрыкIуэр нэхъыбэу Хьэсэн и фIыгъэу кьысщохьу.

А щIэныгъэлI щыпкъэм хуащI пщIэр, щэч хэмылъу, кьыдэхьэкIар абы бгъэдэлъа щIэныгъэ зэфIэкIыкIуэрт. КъэхутакIуэ емыдэщым зы махуи дигъэкIащ къыщIэкIынкъым зы щIэныгъэ Iуэху гуэрым ехьэлIауэ кьалэмэр къыщимыщта, архивым щыхэмылэжьыхьа. И Iэнатlэ щыпэрыти, Iуэхукlэ ежьауэ гъуэгу щытети, зыщитъэпсэхуи, сымаджэщым щыщIэтIа - дапщэщи зэман кьынгъуэтырт щIэныгъэм хуэлэжьэну, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ къэхъуакъащIэхэм я жэуап нэсыр кьыльыхьуэу. Къыльыхьуэм и мызакъуэу ельэуащ а щIэныгъэлI щыпкъэм хуэлэжьэну щыта абы и лIэжьыгъэшхуэм псори и пIэ иригъэувэжащ, уцIыз эдэхуэни ушыщэхэмэ Iуэхум хэмылъыжу.

Апхуэдэ дыдэу жылагъуэр эдуэхэм кьришащ щIэныгъэлIым, Iуащхьмахуэ зэпхьэ Хьэшыр Чылар мыадыгэу кьыщIрагъэдзыну зыгуэркIэр яужь щихьам щыгъуэ. КьыздикIари мыгурыIуэгъуэ дыдэ а гупсысэр и пIэм «ираукIыхьащ» Думэным кьыгуфIуея, жылагъуэ утыкум кьрихьа тхьдэ дэфтэр пэжкъэм. Мыпхуэдэ Iуэхуэхэр зэIубэ щыжьныр зыпэрыт кьулыкъу лъагэм кьыхуигъэув Iуэхуутэкъым Думэным кьызэрилытар, атIэ щIэныгъэлIым, хэкулIым и кьалэн нэсут.

Итlэкъ сызытепсэльыхьа Iуэхугъуэхэм кьагъэпэагъуэ Думэн Хьэсэн хуэдэ щIэныгъэлIхэр, езыхэр дунейм темытыжми, я лэжьыгъэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ, гупсысэкIэкIэ жылагъуэм иджыри кьэдэз зэрэхэтыр, ахэр кьэкIуэну щIэблэхэм щапхъэ, унэтIакIуэ зэрахэхьыр. Зи щхьэм и гъусэу зи цIэри ящыгъупщэж щIэныгъэлI нэпцIкIэр нэгъуэщIхэм я кьэхъэныгъэхэмкIэ загъэнирэ езыхэм гупсысэщхэри яныкъуэкIыу апхуэдэщ. Думэныр нэгъуэщIщ. Абы нэгъуэщIым и гупсысэ «зыкIэщIиупщIэн» дэнэ кьэна, езым кьиугъуея, кьихуэта Iуэхугъуэщ кьэд нэсу зэригъэуIуну Iэман щимыIэ кьэхьыгъэ. Итlани ар зыгъэуIуну Iэман щимыIэ щхьэтепхъуэр» тезыхьэфар. �щIэныгъэлI нэсым бгъэдэлъа зэфIэкI иныр зэи кIуэдыныкъым.

Апхуэдэ лъагапIэхэм занщIэуэн нэсакъым Хьэсэн. ЩыIащ зэман, щIалэщIэр щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хуэнэхъуеинщэр хъуапсэу, арщхьэкIэ абы хунэмысу. Зи адэр зауэм хэкIуэда быным щIэтыжьэну кьахуэнар Хьэсэнэти, тхьылъым ятэ ирилъэщым хуей хъурт унагъуэм зэрадэIэпыкъуныр, анэ тхьэмыщкIэм тель бэлъхьыр зэрыдигъэпсынщIэныр. А зэман кьэлъэм зыхэна щIэныгъэр иужькIэ зригъэгъуэтыжащ Думэным, гурыгъуехьым щымышынэу, ерыщу и мурадым хуэкIуэ.

Фыгъуэ куэд кьыхихьащ Хьэсэн а лъэныкъуэм. И кьалэмыпэм кьыпыкIа, щэбжьагъэ зыбжанэ хэту кьэхутэныгъэ лъэкIыгъэхэр лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьныгъэм и хэлъхьэныгъэ инщ. Абыхэм я мызакъуэу, щIэныгъэлIым кьыщIэнащ щIэблэ узынщэ, ныбжьэгъу куэд, гъэсэн мымащIэ. ЩIэныгъэлI лъэужьыкIэм и цIэр игъащIэжкIи хэмыкIуэдыкIыжыну кьыхэнащ зыхуэлэжьа лъэпкъым, хэкум я тхьдэм.

● ЗэIущIэхэр

Щэнхабзэ Iэнатlэм я плъапIэ зи Iуащхьмахуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий иджыблагъэ яIущIащ КъБР-м и телерадиокомпаниеХэмрэ газетхэмрэ я журналистхэм. Абыхэм упщIэ куэд яIэт ди республикэм щыпсэухэр университетым ехьэлIауэ нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ.

КУЭД щыгъуазэщ Москва кьиКIа къэпщытакIуэхэр ди республикэм щыIэ еджапIэ нэхъыщIхьэхэм зэрыщыIэжьым. Мазэм нэбгырабгъэкIэ екIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кьыдэщIауэбыдащ университетым и лъэныкъуэ псори: егъэджэныгъэ программэхэм я щытыкIэр, ахэр зэрагъэзащIэ щыкIэр, библиотекэм и фондыр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къэзэрагъэлъэгъуамкIэ, КъБКъУ-м дагъуэ кьыхуащIакъым.

- Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм еджапIэ нэхъыщIхьэу 24-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 11-р мыхьэнэ зимыIэ еджапIэу кьаныташ, КъБКъУ-м щхьэкIэ дыщIэгузэвэн гуэри кьыхэкIакъым: къэпщытэныгъэхэр нэхъыбэу зэрекIуэкIа унэтIыныгъытхумкIи УФ-м кьыгъэлъэтыуа мардэм дыщхьэдэхащ, Ищхьэкъэ зи гугъу сшIа еджапIэ 11-м ятеухуауэ си Iуэху еплъыкIэр мыращ: ахэр зэхуэпщI хьунукъым, абыхэм я пщэ кьыдэхуэ кьаIэнхэр зыгъэзэщIэн Iуэхущапlэ ди щIалэрэгъуалэм нэгъуэщI щIыпIэ щагъэтынукъыми. А еджапIэхэм ядэпэкIыкъун хуейщ, «къэрал еджапIэ» цIэр яхуэфащэу зэрахьэн папщIэ.

Университетыр мыпкъуэр техникэкIэ кьыхэзгъэзэпэщам теухуа упщIэм и жэуапу ректорым жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэхур сыт щыгъуэ зэрымыIэр.

- Дэ дрогушхэ биологие кьудамэм и лабораторэхэм, иджырей техникэкIэ, Iэмэпсымэхэмкlэ кьыхэзгъэпэщахэм. Абыхэм щылажьэ щIэныгъэлIхэр хамэ къэралхэм кьыщащIыху, я кьэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ. Апхуэдэу химиер, физикэ хъуэмрэ хуэм щекIуэкI лэжьыгъэхэри. ЗыгъэцIэхъуа Iэмэпсымэхэм ди щIэныгъэлIхэм Iэмал къарет хамэ къэралхэм кьакIэрымыкуу кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэнIуэкIыну. Ильэс зыбжанэ я пэкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм кьыщыгъхьа екъуIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, еджапIэм и зыужьныгъэм хэпльэхэм папщIэ ильэсищым нэсауэ гъэ кьэс сом мелуани 100 кьыгIэрохьэ. Ар икъукIэ сэбэп кьытхуохьу, - жиIащ Къарэмырзэм.

Дыгъэрыпагэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ университетым и клиникэ хуэхэ зэрыщыIэдздзар. Израилым, Германием, Ирландием, Тыркум я клиникэхэм зэгурыIуэныгъэ едгъэлIащ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ дыздзэлэжьэну. Медицинэ унэтIыныгъэмкIэ КъБКъУ-м иригъэкIуэкI дунейпсо конференцэм мыхьэнэщхуэ яIэщ хамэ къэралщIыныгъэхэмрэ дыдейхэмрэ зэрыщыхуэнымкIэ, зэдзэлэжьынымкIэ.

Хамэ къэралэ зэпыщIэныгъэхэм я гугъу ректорым кьыщигъэхьеIэм, журналистхэр ельэуащ а лъэныкъуэм нэхъ кьууэ тепсэльыхьыну. Абы теухуауэ КъБКъУ-м лэжьыгъэ гъэщIэгъэн зэрыщекIуэкIым щыхьэт техьуэ Iуэхугъуэхэр кьыригъэлъэтыжащ.

- Хамэ къэралэ кьиКIаеу ди деж щекIэжэн я бжыгъэр процентн 2,2-рэ мэхьу, ар зэрыщыгъпхъэм нэхъыбэ щыкIэ нэхъыбэщ. ПэгъэуэщI унэтIыныгъэхэм я гугъу щылымэ, иужьрей зэманым жыдэжру дадолажьэ Европэм щыIэ еджапIэхэм. Апхуэдэу, Берлин щыIэ дэт университетым щыгъуэ ильэс ещанэ хъуэуэ идогъэкIуэкI «ЗэпэщIэуэныгъэхэмрэ зыужьныгъэмрэ» къхэутэныгъэ проектыр. А лэжьыгъэм ипкъ иткIэ кьыхэзгъэпэщыну ди мурадщ «Конфликтологие» магистр программэр икIи абыкIэ едкэну жэрдэм зыщIахэм ящыщу цIыхунтI-цы нтъэс кьэс ди университетым щыгъэгъуэгурэ щеджэнущ. КьинэмыщIауэ, Швейцарием щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэм иджыблагъэ дыгуфIыкIыну я дипломтIуащIэ зратыну магистрхэр зэрагъэхъэзырыну программэ кьыхэзгъэпэщыну. Ар студентхэр икъукIэ зы щIыгу гуфIыкIыну я Iуэхугъуэщ, - кьыхигъэщащ Къарэмырзэм.

Хэти зэрищIэщи, бюджетым къарит ахъщэмкIэ КъБКъУ-м щеджэну щIэтыгъхьхэм нэмыщI, пщIэ щIату щедкэхэри мащIэкъым. Абы теухуауэ Къарэмырзэм кьигъэльэгъуащ бжыгъэ зыбжанэ. Университетым щIэс псоригъаIущэмэ, абыхэм ящыщу пщIэкIэ едкэр процент 15-17 нэхъ. Хамэ къэралэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу еджапIэм кьыщIэтIысыхьар 102-рэ мэхъу. Ар мащIэкъым, ауэ еджэну хуейхэм я бжыгъэр нэхъыбэщ.

Щ1эблэр тэмэму гъэсэным хуэгъэзэну университетым щекIуэкI Iуэхуэхэм щытепсэльыхьым, ректорым кьыхигъэщащ а лэжьыгъэр псом нэхъыр нэхъ нэрылъагъу зэрыщытыр:

- Зы махуи дэкIыу кьыщIэкIынкъым абы хуэгъэза зы Iуэхугъуэ гуэр ди деж щрамыгъэкIуэкIыу. Абыхэм езы студентхэр хэша мэхъу, гукIинэ ящохъу. Гупжьей, ансамбль зэмылIэужьыгъуэхэм ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI кьыщагъэльэгъуэну Iэмал яIэщ. КъБКъУ-м и махуэшхуэхэр щыдгъэльапIэм дэ дгъэпэжащ студент нэхъ жыджэру 179-ра.

Ректорым жэуап ятащ нэгъуэщI упщIэ куэдми. Абы кьыхигъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэр нэхъыбэ хъуэ зэрынэхъыкIыр икIи кьызэхъуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм кьыщыдэкI газетхэм, телевидениэм КъБКъУ-м сыт щыгъуи гулъытэ хэха зэрыхуащIым папщIэ.

ЩОДЖЭН Iминат.

● Профсоюзхэр

ЕгъэджакIуэхэм я пенсэхэм теухуауэ

Егъэджакlуэхэм я Налшык къалэ профсоюз комитетымрэ Егъэджэныгъэмкlэ къэрал департаментымрэ я жэрдэмкIэ кьыхэзгъэзэпэща зэIущIэр теухуат егъэджакIуэхэм я пенсэм.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ УФ-м и Пенсэ фондым и хъудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зыкъыхэзырыхуагъаз Iуэхуэхэм хэпльэныкIэ кьудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Умар Юлэрэ щыхуэхэм пенсэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зыгъэбелджылы егъэджакIуэ гупым я Iэщlагъэлlэ нэхъыщхьэ Щ1эдэн Хьэнифэрэ.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ егъэджакIуэхэм пенсэр зэрыхуагъэув щыкIэм, иужьрей зэманым абы теуху хабзэхэм щIэуэ хальхьамрэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ. Къыпщтэмэ, зытепсэльыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщщ ильэс 25-кIэ лэжьа егъэджакIуэхэм кърат пенсэм кьыпэкIуэ льготэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ. ЗэIущIэм хэта егъэджакIуэхэм я упщIэхэм жэуап гъэхуа фондым и Iэщlагъэлlхэм къратащ. Ахэр ежьэлlат егъэджакIуэхэр куроргъэхэмрэ путевкэкIэ ягъэкIуэн папщIэ кьэльытапхъэхэм, пенсэм кIуаеу лэжьыгъэм пызыщхэм къэралым къахуигъэув мардзхэр зыхуэдэм, нэгъуэщIхэми.

ЕгъэджакIуэхэм я Налшык къалэ комитетым и унафэщI Узлджир Татьянэ тепсэльыхьащ мыпхуэдэ зэIущIэхэм яIэ мыхьэнэмрэ кьыкIэлъыкIуэ зи чэзу зэхьэхьэм кьыщащIэтыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ куей

ЖылапхъэфIхэм щогуфIыкI

Нартыху жылап

«Мэздэгу адыгэхэм я тхыдэм щыщ напэкIыуIэхэр» зыфIаща фестиваль-зэпеуэр дунеи ещанэу щекIуэкIащ Ставрополь краймрэ Осетие-Ищхьэрэ - Алание Республикэмрэ ис ди лъэпкъэгъуэхэм я деж. Ар кьыззэрагъэпэщащ КъБР-м ЦIыхубэ хэыбарегъащIэ IуэхущапсэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм, Осетие-Ищхьэрэ - Аланием Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и министерствэм, Ставрополь крайм и Курской (Къурей) район администрацэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэм.

● Лъэпкъ Iуэху

Щалагъуалэ зимыIэм къэкIуэн иIэкъым

Мэздэгу адыгэхэм я пщэдейр я щIэблэрщ

Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Дербит Валерий фестивальр кьыззэIуех.

Кебеков Владимир.



Гергоков Джамбулэт тыгъэхэр ет.

ЗЭРЫС щIыналъэкIэ тпэмыжыкъэми, хэхэс гъащIэр зи натIэ хьуа, зыдэс кьуажэхэр зэгъунэгъуми, хэгъэгуитIым игуэша адыгэхэм я щIэблэм хуабжьу зыхуагъэхьэзырат адэжь щIэныгъэ кьахуэна адыгагъэр, хабзэр, щэнхабзэр, шхыныгъуэхэр, тхыдэм щыщ напэкIыуэцIэр щагъэльэгъуэну фестивалым. Абы кьрихьэлIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, абы и апэ кьуэдзэ **Къэжэр Артур**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыцlэ Мухьэмэд**, ДАХ-м и Iэхъущlапlэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Мыкъуэжь Арсен**, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэт, Абхъазым щылажьэ Адыгэ Хасэм и Iэтащхьэ **Битокъуэ Аслъэнбэч**, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Зэхуагъэ здзэщlэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм и унафэщI **Кебеков Владимир**, КъБР-м цIыхубэ хьабарегъащIэ IуэхущапсэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къудамэ **Гергоков Джамбулэт**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественэ унафэщI **Атэбий Игорь**, щэныгъэлI **Тлащэ Борис**, бысымхэм ящыщу Мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ **Дербит (Мудар) Валерий**, Курской районым Егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Голиковэ Татьянэ**, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, курыт школхэм я унафэщIхэр.

Фестиваль-зэпеуэр щекIуэкIыр Ставрополь крайм хьыхь Курской районым щыщ Русское-1 къуажэрат. Абы дзэ курыт школыр, хьэщIэхэр щы-

Къуэдзокъуэ Алим уэрэд жеIэ.

ГъущIо зэщхьэгъусэхэр кьоф. *(«Кабардинка» ансамбль).*

зэхуэсар, 2007 гъэм кьыззэIуаха кьудейуэ араш, щеджэ щIэныгъэ нэхущ, хуитщ, щэнхабзэ зэлущIэхэр щрагъэжIкIри, спортым щыхуагъасэри, шхапIэри кьызыхуэтынышэу зэпещц. Мы школым щыздэдджэ адыгэхэри, урысхэри, тыркухэри, ермэлыхэри, дагыстэнхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ ныбжьыщIэхэри.

Адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хуагъэпсэ фестивалым хэтащ ди лъэпкъэгъуэхэм щIэблэр зыщIэс школитху. Абыхэм ящыщу Графскэ кьутырым дэт еджапIэ №12-м сабии 161-рэ щIэсщи, абыхэм ящыщу 41-р адыгэщ. Серноводскэ кьуажэм дэт школ №17-м екIуалIэр Иналхьэблэ, Азэней адыгэ жылитIым кьащIэхьуэ щIэблэрщ. Мы жылитIыр зэгъунэгъуэу эбгъэдэсщ, тIуми Серноводскэкlэ еджэу араш. КьуажитIми щыпсэуэр адыгэщ, ауэ зэрахьэр дин зырыщ: Иналхьэблэ дэсхэр муслымэнщ, мэжджит дэтщ, Азэней щыпсэуэр чыристэнхэщ, члисэ яIэщ. Зэпэмыжыжьэу псэу Русское-1, Русское-2 кьуажитIым адыгэу дэсыр нэхъ

●Ди зэманым и лЫхъужьхэр

Къазбечрэ Іуащхьэмахуэрэ

Къазбечрэ Іуащхьэмахуэрэ 2-нэ курыт школым нджыблагъэ зэІуІэ Іуащ. Абы къарагъэблагъэ школым щеджа, къуажэм щыщ альпинист щІэрыІуэ, Европэм и щыгъуэ къыщІэкІыжа дыдэ - Іуащхьэмахуэ - 22-рэ дэкІуеи Шыбзыхъуэ Къазбэч.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Шыбзыхъуэ лъапкъым и нэхъыжьыфІхэр, егъэджакІуэхэр, Къазбэч и ныбжьыкІэхэр, и цІыхугъэхэр, хъэщІэ лъапІэхэр. Дауи, апхуэдэ щІалэм и зэфІэкІыр щаІэт пшыхьым къармытъэблагъэу къэнакъым ар щапхъэ, гъуаз зыхуэхъу школакІуэ ныбжьыщІэхэрэ.

ЗэІущэр кьыззэІунхащ курыт школым и унафэщІ Нэтъуд Роз. Ар кІэщІу кьыстеувыІащ школым и тхыдэм, абы щылажьэхэм, щеджахэм. Егъэджныгъэ лэжьыгъэм кьыдджІуэу, творческэ Іуэху къэд зэрыригъэкІуэкІыр, район, республикэ зэхъэзэхуэхэм мызэ-мытІэу пашэныгъэ кьызэрыщащхьыр, школым щеджахэм щІэныгъэлІхэр, Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм я Іэщіагъэлі пажэхэр, цІыху цІэрыІуэхэр къаззрыкъэІар жыпІэ Роз. Абыхэм ящыщ зыт а махуэм ягъэльапІэ Шыбзыхъуэ Къазбэчи. Къуажэ администрацэм къыбдІэдэкІыу Къазбэч екъуэхъури, саугъэт дахи иритащ Єзнй Мухьэмэд.

Адэкіэ утыкур хунт хуащащ кьохутэныгъэ лэжьыгъэхэр єзыгъэкІуэкІ «Понск» клубым (Кьохьун школ №2-м єйщ, унафэщІыр Шыбзыхъуэ Хьамсинэщі) хэтхэм. ЩІалэхэмрэ Іуащхьэмахуэрэ кІэщІу тепсэльыхьыщ Къазбэч зэрыщІыкІуэр льагаПІэхэм щІэхъуэпсу зэрыщытам, суротКІэ фІэкІа имыльэгъуэ Іуащхьэмахуэ и щыгъуэ итыну и гурыльэ кьызэрыхъуам, лЫгъэ хэлъу, зэманым декІуу ГъащІэм зэрыхъэтым, «ди лЪхъэхэм хинбыда Хьэщыр Чылар»-кІэ ущджэ зэрыхъунум.

Шыбзыхъуэр зэрыщІыкІуэр зыщІэхъуэпсар - Европэм щынэхъ льагэ дыдэ бгым дэкІуеиныр - 2005 гъэм кьехъуІащ, абы нужьыІэ нльэсйбльм кьриубыдэу Къазбэч 22-рэ дэкІащ пасып Іуащхьэм. Хьэупсапі къудейуэ щытар Іэщіагъэ хуэхъуащ щІалэ Іэчлъэчим, хахуэм.

Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэ къудкІэ Іуащхьэмахуэ и джабэ зэхуэмыдэхэм дэкІащ Къазбэч. Абы Іуащхьэмахуэ дрихьеящ Шыбзыхъуэ лъапкъым и бэракъыр зытет суротыр икІи Тыркум щыпсэу Шыбзыхъуэхэ яхуригъэхьыжащ. Шэч хэлъкъым ильэси 150-рэ хъуауэ хэкум кьыхуэхъуапсэу, Іуащхьэмахуэ щІэбгъэпу хэхэс гъащІэр езыхькІ лъэпкъыр абы зэрыщыгуфыкІам.

И лЫгъэм, хахуагъэм кьыдджІуэу, адыгэгу зыкІуэцІыльэ, лъэпкъ Іуэхум уэ-жьыдджэр щІалэ хэкупсэщ Къазбэч. 2012 гъэм КЬР-м и Къэралгъэуэм и махуэм ирихьэІэу метри 7 зи кІыхьагъ, метри 11 зи бгъуагъ адыгэ ныпыр (ар килограмми 10 мэхъу) Іуащхьэмахуэ и щыгум дрихьеящ абы. Апхуэдэу блэкІа гъэмахуэм Ростов областым и бэракъыр иІыгъыу насып Іуащхьэм дэкІуеящ, Мартыновскэ куейм щыхэкІуэда 115-мэ щууей дивизэм и щыхькІэ. Кьыщынэмыщ1ауэ, адыгэ щІалэ гуп и гьусэу Іуащхьэмахуэ и щыгум щыхатІащ Абхъазым щызэуа адыгэ щІалэхэм я бэракъыр, ар Абхъазыр хунт кьыщащІыжа махуэм, 1995 гъэм фокІадэм и 27-м, Абхъаз Республикэм и Правительствэм ди щІалэхэм щыфІадзауэ щыта ныпращ.

ЛЫгъэщІапІэ хуэхъуа апхуэдэ Іуэху дахэхэр иджы гукъэкІыжьхэ хъуащ, щІалэгъуалэм лЫгъэ нэсым и щыхьэту яІуатэ хъыбарщ. А псом езыр кІыхьу пхутепсэльыхьынукъым. Дэтхэнэми хуэзфІэмыкІыну пэтми, лЫгъэщхэр зэрихьауэ кьыщыхъужьркъым. А пщыхьэщхьэм щІыхуэхэм яфІэгъэщІэгъуэн упщІэ зыбжанэкІэ зыхуагъэзащ хьэщІэм.

Абыхэм я жэуапу Къазбэч жиІащ бгым и дэтхэнэ дэкІуенгъэрэ гум кьызэрихьэкыр, дэтхэнэми гурыуагъэ щыпсыхуна гъэрэ зэрыхъэтыр. Абы и мурадхэм ящыщщ дуней псом и щхьэу кьаІыгъэ Эверест дэкІуеину. Ауэ абы папщІэ Къазбэч зыхуэныкъуэр тегушхуэныгъэхъым икІи хахуагъэкъым, атІэ мылькущ. Ахьшэ и лЪэныкъуэкІэ зыкъызыщІэкІыжьыр ніамэ, щІалэр гъуэгу техьэнут игурэ и щхьэрэ зэтелъу, и кьарум кьинэгугъэу, Апхуэдэ Іэмал кьыпхыыкъуэкІамэ, адыгэ бэракъыр иджыри зэ Джамалунгмэ и щыгум зэрыщыхъуэрэзнум шэч хэлътэкъым.

Апхуэдэущ цІыху гъащІэр зэрызэхэлъыр нэхъыфІым, нэхъ лъагэм сыт щыгъуэ хуопабгъэ. Ауэ ар кьыззэхьулІэр гушхуэ зыкІэцІыльэ, кьыхиха гъэгум темыдащэ, зи мурадым ерыщу хуэкІуэ закъуэтІакъуэзэрщ. А хьэлэ-хэр зэрыхъэныщ Къазбэчи дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъуар. Аращ нэхъыбэжаІ, нэхъ лъагэжым щІыхуэхъуапсэр.

ЩІалэгъуалэм я щапхъэщ апхуэдэ щІалэр. ЩІэныгъэкІи, хахуагъэкІи, щІыхь хэтыкІэкІи зыхэтхэм къахуащ Къазбэч зэІуІэм кьрихьэлІа и ныбжьэгъуэм псалъэ дахэ кхуэд хужаІащ а щІыхэщІхэм икІи и зэфІэкІым папщІэ министерствэ, бедомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьызэгъэхуа ныбжьэ, фІыгъэкІэ гъэпсыкІа, щІалэгъуэ ящІащ. Уеблэмэ Къэхъун школ №2-м и 11-нэ классым щІэс Шыбзыхъуэ Индирэ Къазбэч хуэхъилъхьа усэм кьедгъэІу.

- КъыззэрысцІыхуэрэ куэд мыщІами, и цІыгуфІэкІи, и гум и кьабзагъкІи, и лЫгъэкІи кьыпхуэхуфІи куэд Іуэхьбэрдейм зэримысыр нэрыльагъущ, - жиІащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лжьыныгъэ зэзыгъэІуэу советым и тхьэмадэ Къалмыкъ Жылэбий. - Дяпэкіэ уи мурадхэрэ кьохъуІэну, щІэблэм уращапхъэу, нэхъыжьхэр зэрыгушхуэу дуней утетыну си гуапэщ. Іуащхьэмахуэ яп ящ дыдэу дэкІар адыгэ щІалэщ. Урысей альпинизмэм кьыщІэдзапІэ хуэхъуар ильэс 200 нэбгырабкІэ уэзІэбэкІыжмэ, генерал Эммануэль и экспедицэр Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ дишауэ зэрыщыгаращ. Уэри узыгетыр а льаІуэрращи, уи Іэщіагъэм и хъер пльагъуну сыпхуэхуэхуэ.

Абы и псалъэхэм кьыпищащ зи гугъу тщІа советым хэт, хьэрычэтыщІ Джэрыджэ Хьэсэн. Абыи нэгъуэщІхэми псалъэ дахэ кхуэд хужаІащ Къазбэч. -Зэманым декІур льфІыщІ, - жаІэ адыгэхэм. ЩІалитІ кьызыщІэхъуэжащ, пасыпІ Іуащхьэм и щыгум щызыхищІэ гурыщІэ ІэфІыр щыльтэми щиІэпэгъуну ди гуапэщ.

ШЫПШ Даянэ.

● Батыр Мухьэдин уэрэд жеІэ ● Пшыхьхэр

УФ-ми КЬР-ми щыхь зиІэ я артист Батыр Мухьэдин и юбилей пшыхь Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм щекІуэкІащ. Ар макьамэ теплъэгъуэ дахэкІэ, кьыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу зэрызыхуагъаззэ хьуэхьу псальэхэри щІэту, кьызэІуахащ Гъэзджэжмэ Къанэшэ Рашидэ-рэ къэрал институтым (СКГИИ) уэрэд жьІэным зыщыхуэзыгъасэ ныбжьыщІэхэм.

ЗЭІУЩІЭР Батыр Мухьэдин хуэгъэзащ хъэхуэу псалъэмкІэ кьызэІуихэм. Мурадэкъым ар ящІэ, КЬР-м гъуазджэхэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Руслан.** Ильэс хуэд хьуауэ артистым и зэфІэкІым зэрыдихьэхыр, иджыри Іэджэрэ и макъыр зыфІэдахэхэр ирагъэуфІэу ятыкъым итыну зэригуагъэжиІа нужь, Музыкэ театрым щылажьэхэм кьабгъэдэкІ хъуэхъу тхыгъэм кьеджащ Руслан.

Римский-Корсаков и цІэр зэрихьу Ленинград дэт къэрал консерваторэм уэрэд жьІэныкІэ щыІэныгъэм нэхъыщхьэ щыІэзэІэгъуэта Батырыр Музыкэ театрым и уэрэджьІакІуэ пажэхэм хьихащ. 1989 гъэм щыщІэдзауэ нобэр кьыздэсым абы итъэзэщІауэ оперэ партие куэд, классикэ опереттэхэм, макьамэ комедиехэм, мюзикклэм роль пщІы бжьыгъэхэр щигъэззащІ. Апхуэдэщ Верди Джузеппе и «Травиата» (Жирон и партиер), Чайковский Петр и «Евгений Онегин» (Евгений Онегин), Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» (Сильвио) оперэхэр, «Лахэнагъуэ» лъэпкъ балетыр (Джэрмэм), Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» (Къамбот) опереттэр, «Моя жена - лгуня», «Цыганский барон», «Последний шанс», «Свадьба в Малиновке», «Не прячь улыбку» макьамэ комедиехэр, «Мыщэ и кьуэ Батыр» псыхэр, нэгъуэщІ куэдрэ.

Абы и макъ гуакІуэм цІыхухэр щІэдэІуну Іэмал щаІэр театрым утыку кьыщыхьэм и закъуэкъым. Ар ди республикэм кьыщаІэт махуэшхуэхэмри, гъунэгъу щІынальэхэм щекІуэкІ Іуэху гуапэхэми, концерт зэмылІэужьыгъуэу щыІэхэми жьыджэру хэтщ.

Мухьэдин и макъыр щыІуащ Москва, Санкт-Петербург, Дон Іус Ростов, Ставрополь, Краснодар куейхэм я кьалэхэм, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм. Уеблэмэ 2003 гъэм Германием щагъэлъэгуауэ щыта спектаклым хэтащ, концерт Іыхьэр зыгъэзэщІэнур кьыщыхах зэхьэзэхуэм щытекІуэри. СКГИИ-м уэрэджьакІуэхэр щагъэхьэзыр и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьщІ, егупуу егъэхьэзыр театрым и лэжьакІуэ хъуну ныбжьыщІэхэр.

Батыр Мухьэдин хэлъхьэныгъэ гъуэгуджэм хуищІам кьыпэкІуащ цІыхухэм я лъагъунагъэр, Къэбэрдей-Балькъэрым, иужькІэ Урысей Федерацэм щІихь зиІэ и артист цІэ льапІэхэр кьызэрыфІащар.

Зи махуэр зыгъэльапІэ артистым ехьэхуэхуну зэІуІэм зыкъэрагъэхьэлІат Налшык кьалэ адміністрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм и Іэщіагъэлі нэхъыщхьэ **Бадовэ Бэлэ**, КЬР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Куэтэнщы Хьэлимэт**, Бахьсэн район администрацэм и Іэтащ-хьэм и кьуэдзэ **Ахъутэбгъ Айзор**, апхуэдэуи пшыхьым кьыщеджащ ди республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** кьиргъэхьа хьуэхьу тхыгъэм.

Мухьэдин кьызэхуэсахэм яхуэупсащ и романс («Только раз бывает встреча», «Ямщик, не гони лошадей») цІэрыІуэхэмкІэ.

Куэшей Алик зи художественэ унафэщІ **«Нал цІыкІу»** сабий кьэфакІуэ гупым кьызэІуихащ концерт Іыхьэр. АдэкІэ артистым зэрызыхуагъэзар ахъуэхъу псалъэ кьудейкъым, абы щыгъуэт макьамэ хъуэхьури. Ар икІи гурыІуэгъуэщ: Мухьэдин кьыбгъэдэхэ я нэхъыбэр, и ныбжьэгъуэр гъуазджэм и лэжьакІуэщ. Апхуэдэу пшыхьыр ягъэдэхащ УФ-м щІихь зиІэ и артистхэу **Ташло Алий, Дау Марианэ**, КЬР-м щІихь зиІэ и артистхэу **Зеущэ Іэуес, Шэрджэс Іэсият, Даур Иринэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Ракитинэ Иринэ**, Музыкэ театрым и солистхэ, Урысейпсо зэхьэзэхуэм и лауреат **Мамбэт Мадинэ**. Батыр Мухьэдин и гъэсэн **Халаманов КьаІэсын** сымэ КЬР-м, КъШР-м, Ингуш республикэм я цІыхубэ артистхэу **Жангуразов Мэжидрэ** (Балькъэр драмэ театрым и унафэщІ) **Мамаевэ ФатІимэрэ.**

Режиссер Сафаровэ Тамарэ игъэхьэзыра пшыхьыр екІу, щІэныгъэ хьуат, утемыІэшэу, дэрэжэгъуэ кьуитрэ пшыхьыр дакьикъэ бжьыгъэ фІэкІа емыкІуэкІауэ кьыпщигъэхьуу. Музыкэ театрым и уэрэджьакІуэ **Гергакаевэ Хьэлимэт**, СКГИИ-м и студентхэсэу **Кашуковэ Регинэрэ Сэхьэ Мадинэрэ** и гъусэу, пшыхьыр дахэу иригъэкІуэкІащ.

Пшыхьым кьрихьэлІащ министр Кьумахуэ Мухьэдин, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд. ЗэІуІэр кьызэрыгъэтэрэзэм, абы хэтахэм, кьрихьэлІахэм Батыр Мухьэдин фІыщІэ яхуищащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Щ1эныгъэ

Зэманым докІу

Щ1эблэр гъэсэныр, щ1эныгъэ егъэгъуэтыныр къэгъуэуэ дэжьыгъэшхуэ щыІэфІагъэкІ Кьущэк къуажэм 1973 гъэм кьыщыІэуаха кьурыт еджапІэм. Нобэкіэ мы школым еджакІуэ 600 щІэсщ, егъэджакІуэ 71-рэ щолажьэ.

ШКОЛЫР инщ, дахэщ, зэІуэзэпэщ. Ар зи фІыгъэр псом ящІэ зи лэжьыгъэм жэуапІныныгъэ хэлъу бгъэдэт, школым и унафэщІ Балькъэр Дадусэщ, дауи. Къуажэдэсхэм къалъытэ абы щІэныгъэр зэфІэкІрэ нІэу. ЕджапІэм и унафэщІ ЗэкъэщІрэ куэд мыщІами (2010 гъэм), ар и лэжьыгъэм хэзэгъащ, школыр сыт и лъэныкъуэкІи зэрыригъэфІэкІуэным хуопабгъэ.

Кьущэк школым и зэфІэкІ щегъэльагъэу куейм кьыщыззрагъэпэщ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм. Мы гъэм екІуэкІа зэхьэзэхуэхэу ШхапІэ зэхьэкІфІ дыдэ», «Школ пщІантІэ нэхъ дахэ» зыфІащахэм ехъуІэныгъэхэр щызыІэригъэхьащ.

- ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт ди еджапІэм сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъу районым администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Зыхэсэн, - жиІэ Дадусэ. - Сыт хуэдэ лъэпкІэ зыхуэдгъаззим, абы зэи гупытэнщэ дищІырыкъым. Апхуэдэуи я щІэныгъэщІыну сыхуейт школым зыкъытщІэзыгъэкъуэхэм. Аэр: Сбербанкым и Къэбэрдей-Балькъэр щыгъуэм и тхьэмадэ Урысбий Хьэмидбий, хьэрычэтыщІэхэу Абазокъуэ Хьэутий, Балькъэр Хьэутий, Тхьэкъуахъуэ Арсен, Надзыр Аслъэн, Гъэщокъуэ Мухьэмэдин, Кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Бэч Алик сымэщ.

Кьущэк курыт еджапІэм хэтщ музейр библиотекэр, компьютер 15 щІэту кабинетитІ иІэщ. Абы кьинщынэмыщІауэ, физикэ, химие, биологие пэшхэми компьютер зыриз щІэтщ. Школым гупжьей зэхуэмыдэхэр щолажьэ, спортым, Іэнщ1эпІапщІагъэм, журналистикэм теухуауэ.

Я щІэ кьиІуапхъэщ школым щылажьэ егъэджакІуэхэм Абазокъуэ Адмир, Балъкъэрхэ Дадусэ, Аксанэ, Хьэсэн, Бэч Марьянэ, Бырсекьуэхэ Айзор, Хьэбил, Бжэныкіэхэ Нинэ, Людмилэ, Гъущіынэ Маринэ, Кьуэныкъуей Ленэ, Сэбаншы Мадинэ, Елыхъу ФатІимэт, Хьэпхъуэ ФатІимэ, Борэн Марие, Щэуей Нинэ, Атэлыкъ ФатІимэт сымэ. Гупытэ хэха хуумыщІу кьэбгъанэ хьунукъым адыгэбзэмкІэ езыгъаджэ Тхьэкъуахъуэ Фози. Абы и еджакІуэ цІыкІуэхэр адыгэ хабзэм, нэмысым хуеуцщІ, анэдэлъхьэ фІыуэ яригъэлъэтъуныр ящІ итщ. А Іуэхугъуэхэр абы фІыуэ кьохъулІэ, сабийхэри гъэса мэхъу. Школыр еф1экІуэкІ ухуэмыкІ зэгуэгъуэ хуагъэфэщащ Тырныауэ я кьалэм дэт курыт еджапІэ №6-м и «Урысейм и къэрал пэжэхэр» гупым, ещанэр - Прохладнэ я къэр гимназие № 2-м щыпасэу «Дэ - дыжьэхуэпсэщ» клубым.

Апэ зэкІэ курыт еджапІэм щылажьэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэу ябжыр зыщ: нобэрей зэманым хуэфэщэн щІэблэ дахэ, узынщ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ кьгъэтэджьныщ.

БЖЭНЫКІЭ Регинэ.
Бахьсэн район, Кьущэк къуажэ.

● Кикбоксинг

КъБР-м и спортсменхэр нэхъ жыджэрщ

Ананэ щекІуэкІащ кикбоксингымкІэ Испирьян Нарек и фэеплъ дунейпсо зэхьэзэхуэ. КЬР-м и командэ кьыхэхам абы ещанэ увыпІэр кьыщихьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ текІуэныгъэ щызыІэрагъэхьащ Налшык дэт «Кэмпо» клубым и тренер Къудей Алим и гъэсэнхэу ЛІыІэщІэн Аслъэн, Мэкъуауэ Аслъэн, Хочуев Эрик, Шыпсэ Іэщіа щыІэ «Синдика» клубым щыщхэу Къанокъуэкэ Анжеликэ, Баллэ, Елдар, Хьэмзат, Алборэ Амир, Асатов Саид, Темыркъан Къантемыр сымэ. Абыхэм я тренерщ Саралидзе Айдын.

ЕтІуанэ увыпІэр яІэрыхьащ «Синдика» клубым и спортсменкэ Аслъэн Темырзан, Къанокъуэ Аскэр, КІэщ Хьуасен, Темыркъан Астемыр, нарткъалдзэсхэу Ержьбий Батырбэч, Хьэщіыкіу Темболэт, Борэн Вадим, «Кэмпо» клубым и гъэсэн Іэпкъэтэу Тимур сымэ.

Сурэтыр **ЕЛЪКЪАН Артур** єйщ.

● Пятиборье

Гугъэ уагъэщІ

Краснодар щекІуэкІащ иджырей пятиборьемкІэ Краснодар крайм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы хэта спортсменхэр ныбжькІэ зэпщхьэщкІырт.

ЗЭПЕУЭМ етІуанэ увыпІэр щиубыдащ Чупринин Денис. Абы и къэзыІ Чупринин Тимофей ещанэ хъуащ. Ахэр Налшык кьалэ дэт курыт еджапІэ №11-м щоджэ, иджырей пятиборьемкІэ, шы спортымкІэ щколэм я гъэсэнщ.

Ди спортсмен ныбжьыщІэхэр Урысейм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ 2013 гъэм и мазаем Мэзкуу щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм хэтынущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Джэрпэджэж

Пц1ыр лъакъуэншэщ, пэжыр зыуэзэщІыныгъэщ

2012 гъэм щыщхьэщыи и 7-м «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуащ Кэнжэ кьуажэм щыщ Хьуажь Борис и тхыгъэ «КІэлъапсэуахэмрэ ар зыльэмыкІахэмрэ» зыфІища и тхыгъэр. Абы зи гугъу щищІым, КІэщ Іэльэпкъым и мызакъуэу, щІэджжэІащІэу куэдри хуэбжьу кьигъэуІэбжьащ.

«СИ АДЭШХУЭМРЭ си адэмэрэ я пІэмкъым кьызэрекІуэкІам теухуа си гукъэкІыжхэмкІэ газетеджэхэм садгэуэшэну сыхуейт», - щыжиІэ Хьуажь Борис и пІэмкІэ псалъэм икІи XIX лІэщІыгъэм дыхишэжыну хэтщ. ГъэщІагъэунащэ тщыхъуар Кіашхэ я пІэмкъым кьызэрекІуэкІам и тхыгъэм кьыщригъэжІуэкІэхэм щыхьэт техъуэ зы дэфтэр закъуэи архивхэм зэрыхэмыльыщІ, Япрарэу, Кэрдаут Шыпшхэ Темыркъанрэ Нахъуэрэ я цІыхугъэ щыщтауэ я Іуэху гъэрхэм эдбыхэтпІэ Кэнжэ кьыдэтщІ, зимыІэжьауи Къэхъун къуажэм Іэпхъуащ. Шыпш унэцІэр эрахъэу ди жьлэм кьыдэнауэ щытар унагъуэ зытІущ.

«Пащтыхьыдэзм я генералхэу Шыпш Нахъуэрэ КІэщ Даутрэ адыгей къуажэм дыхьа биидзэм ящІыгъащ. Сабийхэмрэ цІыхубзхэмрэ шыгуэзм, выгуэхэм ирагъэтІысыжащ, щІыхуэу хэр лъэсу кьрахужьэри, Къэбэрдейм къахуащ. Гъэр ящІахэм яхэтащ си адэшхуэ Дзэпщ, си анэ Гуащэмахуэ, абы и шыпхъу Хьаджэт сымэ. Ахэр зыльысар хьэпщІэкІуэхэм яхэта Шыпш Темыркъанти, Къуэшыркъуей (Кэнжэ) кьуажэм кьашащ. А гуэзэвгъуэ псори ильэсри 9 ныбжьым иту си адэшхуэ Хьуажь Дзэпщ и нэгу щІэкІащ, - щыжиІэ Борис и тхыгъэм.

Шыпш Нахъуэ КІэщ Даутти генералу щытакъым. Шыпшхэ апхуэдэу яІар Темыркъан и закъуэщ. Ди пІэмкІэм генерал ящІэкІакъым. Шыпш Нахъуэрэ КІэщ Даутрэ зэдзэрэгъу щытауэ зыщІыпІи кьыщыхэщхьым. Ар езы Борис кьигупсысыж сыпсэщ. Кэнжэдэс нэхъыжьхэм яІуэтэжу щытащ зэрызэрыцІыхуам и щІыкІэ Шыпш Темыркъан ильэси бгъу зи ныбжь Хьуажь Дзэпщ Даут кьритауэ зэрыщытар. Даут фыз кьыщишар зэкІэтауэщ, ильэс хыщ хъуауэщ. Езым бим имыгъуэтынкІэ щызнэрти, сабийр кьыІихащ, иплащ, фыз кьригъашэри унагъуэу ирагъэтІысыжащ, щІэблэ куэдри кьытепщІыкІыжащ.

Адыгей сабийхэр зэтезыгъэсхьахэм ящыщщ, КІэщ Даут», - ягъэ Хьуажь Борис. «Къэхъун кьуажэм и тхьдэ» зыфІиІ Хьуажь Дзэпщ и ныбжьыкІуэ щыІ. Мыбдежми пцІы щыщІоКІ. А тхьылъым гупсэхуу ещхьтэмэ запхуэдэ щІэхъуэ щыта псалъэмкІэ кьыгурагъэІуэн Хьуажь Борис фІыуэ ищІэжьын хуейщ. ИужькІэ ногъэщІ корреспондентым кьытригъаззэри, Даут фІыуэ зыщІыхуу щыта нэхъыжьхэм яІущІати, псоми псалъэ гуапэ фІэкІа хужаІакъым. Иджыри зы щатхэ кьэтхьынущ. Граждан зауэм щыгъуэ Даут и кьэурыльпхъ Хьэбыж и шу гупыр Шыпшхэ я бандэм льысхуэу Шытхьэпэ (ТІуащІэ) мэзым уІэгъэ хьэлъэ кьыщащІауэ щытащ. Нэхъ егъэзэпІэ тэмэм кьыхуагъуэтын мурадкІэ, Осетиер Ищхьэрэм и партизанхэм я деж яшати, Шыпшхэ я бандэмрэ Даутокъуэм и шуудзэмрэ ягъэтІысри, ахъшэшхуэ ирагъэпшынащ. Хьуажь Борис деупщІынут: «Ара зэшитІкІэ зоджжьыр?» - жиІэ. КІэщ ТІутІ, Унэжокъуэ Борис, ЖьэкІэмызыкъ Хьэбыж сымэ 1992 гъэм кьыдагъэкІа «Кэнжэ. ЦІыхухэр, гъэхэр, хъэхъуръкъащІэхэр» тхылъым техъущІыхьми, Хьуажьым и жагъуэ хъун абы иту кьыхуэгъэтакъым.

Кіэщ Даутрэ Хьуажь Дзэпщрэ кьатехъуІыжьахэр фІы дыдэу зэхущытну, пщІэшхуэ зэхуащІу щытащ. Дяпэкіи зэрекІуэкІынуи щэч гуэри кьытетхэркъым. Абы кьыхэкІыу, псалъэмакъ лейкэр къэгъэнауэ, пщдэйрей мавуэм егупсысыпхъащ. Аращ, Борис, псом ящхьэри, пэжым и лъабжьэри. Пц1ыр зэрыльакъуэншэр тщІэжу бзыдзэнэсу, къриКІуэнур фІыщ, дахагъэщ, гупагъэщи, абы дытеВгъэ

КІэШ Башир,
пэжыгъэм и вветеран,
Кэнжэ къуажэ

● Щ1эныгъэ

Зэманым докІу

Щ1эблэр гъэсэныр, щ1эныгъэ егъэгъуэтыныр къэгъуэуэ дэжьыгъэшхуэ щыІэфІагъэкІ Кьущэк къуажэм 1973 гъэм кьыщыІэуаха кьурыт еджапІэм. Нобэкіэ мы школым еджакІуэ 600 щІэсщ, егъэджакІуэ 71-рэ щолажьэ.

ШКОЛЫР инщ, дахэщ, зэІуэзэпэщ. Ар зи фІыгъэр псом ящІэ зи лэжьыгъэм жэуапІныныгъэ хэлъу бгъэдэт, школым и унафэщІ Балькъэр Дадусэщ, дауи. Къуажэдэсхэм къалъытэ абы щІэныгъэр зэфІэкІрэ нІэу. ЕджапІэм и унафэщІ ЗэкъэщІрэ куэд мыщІами (2010 гъэм), ар и лэжьыгъэм хэзэгъащ, школыр сыт и лъэныкъуэкІи зэрыригъэфІэкІуэным хуопабгъэ.

Кьущэк школым и зэфІэкІ щегъэльагъэу куейм кьыщыззрагъэпэщ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм. Мы гъэм екІуэкІа зэхьэзэхуэхэу ШхапІэ зэхьэкІфІ дыдэ», «Школ пщІантІэ нэхъ дахэ» зыфІащахэм ехъуІэныгъэхэр щызыІэригъэхьащ.

- ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт ди еджапІэм сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъу районым администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Зыхэсэн, - жиІэ Дадусэ. - Сыт хуэдэ лъэпкІэ зыхуэдгъаззим, абы зэи гупытэнщэ дищІырыкъым. Апхуэдэуи я щІэныгъэщІыну сыхуейт школым зыкъытщІэзыгъэкъуэхэм. Аэр: Сбербанкым и Къэбэрдей-Балькъэр щыгъуэм и тхьэмадэ Урысбий Хьэмидбий, хьэрычэтыщІэхэу Абазокъуэ Хьэутий, Балькъэр Хьэутий, Тхьэкъуахъуэ Арсен, Надзыр Аслъэн, Гъэщокъуэ Мухьэмэдин, Кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Бэч Алик сымэщ.

Кьущэк курыт еджапІэм хэтщ музейр библиотекэр, компьютер 15 щІэту кабинетитІ иІэщ. Абы кьинщынэмыщІауэ, физикэ, химие, биологие пэшхэми компьютер зыриз щІэтщ. Школым гупжьей зэхуэмыдэхэр щолажьэ, спортым, Іэнщ1эпІапщІагъэм, журналистикэм теухуауэ.

Я щІэ кьиІуапхъэщ школым щылажьэ егъэджакІуэхэм Абазокъуэ Адмир, Балъкъэрхэ Дадусэ, Аксанэ, Хьэсэн, Бэч Марьянэ, Бырсекьуэхэ Айзор, Хьэбил, Бжэныкіэхэ Нинэ, Людмилэ, Гъущіынэ Маринэ, Кьуэныкъуей Ленэ, Сэбаншы Мадинэ, Елыхъу ФатІимэт, Хьэпхъуэ ФатІимэ, Борэн Марие, Щэуей Нинэ, Атэлыкъ ФатІимэт сымэ. Гупытэ хэха хуумыщІу кьэбгъанэ хьунукъым адыгэбзэмкІэ езыгъаджэ Тхьэкъуахъуэ Фози. Абы и еджакІуэ цІыкІуэхэр адыгэ хабзэм, нэмысым хуеуцщІ, анэдэлъхьэ фІыуэ яригъэлъэтъуныр ящІ итщ. А Іуэхугъуэхэр абы фІыуэ кьохъулІэ, сабийхэри гъэса мэхъу. Школыр еф1экІуэкІ ухуэмыкІ зэгуэгъуэ хуагъэфэщащ Тырныауэ я кьалэм дэт курыт еджапІэ №6-м и «Урысейм и къэрал пэжэхэр» гупым, ещанэр - Прохладнэ я къэр гимназие № 2-м щыпасэу «Дэ - дыжьэхуэпсэщ» клубым.

Апэ зэкІэ курыт еджапІэм щылажьэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэу ябжыр зыщ: нобэрей зэманым хуэфэщэн щІэблэ дахэ, узынщ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ кьгъэтэджьныщ.

БЖЭНЫКІЭ Регинэ.
Бахьсэн район,
Кьущэк къуажэ.

● КЬР-м щыІэ МВД-м къет

Щ1эпхъаджащ1эхэр къалъыхъуэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КЬР-м щыІэм къызэрытІмкІэ, телевэрдиет Геккиев КьаІэбэч зыуКІауэ щэч зыхуащІхэм щыщ зыр яубзыхуащ. Ар Іэщіэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэхэм яхэтщ, бзаджащІэхэм я щІэпхъаджащІэхэр яхэтщ, щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэрилъэкъуэкІыу къэралым кьыщалъхьуэ икІи зыбдынымкІэ Іэмал псори кьагъэсэбэп.

ЩІЭПХЪАДЖАЩІЭХЭМ яІыгъа Іэщэм теухуауэ СМИ зыбжанэм кьабгъэдэкІ хъыбарэр зэрыпэжри къеГъэльагъуэ МВД-м: ИЖ-79 травматик кІэрахъуэр, щэхэмкІэ Іэгуэным хуагъэкІуар, 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м Налшык кьалэ полицэм и участковитІым бзаджащІэхэр щатхьам кьагъэсабэпащ, 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м а Іэщэмкіэ яукІащ КЬР-м и МВД-м и ДПС-м и лэжьакІуэр, Урысей Федерацэм и МВД-м Шэрэдж куейм кІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм-рэ УФ-м и МВД-м и къэрал кІэуІэ Іудэзм кьулыкъур щезыхьэкІхэмра 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м щатеуаем а кІэрахъуэр яІыгъащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КЬР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкіэ и ІэнатІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІымыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдэж Замир, Хьэжыкьарэ Алик, ЩІэхъущмыщІ Иэз.**

Къудзэгъэкіэхэмэ редакцэмр я хэщІапІэр